

Nòt MEPA pitit ou endike nan paj ki andedan rapò sa a.

Elèv yo resevwa yon nòt an chif ak yon nivo pèfòmans ki baze sou rezilta egzamen yo apa nan lekti, ekriti, konpreyansyon, ak konvèsasyon. Tranch nòt ant 400 ak 550, ak nivo pèfòmans yo genyen *Nivo 1*, *Nivo 2*, *Nivo 3*, *Nivo 4*, ak *Nivo 5*. Rapò a montre tou si pitit ou ap fè pwogrè nan aprann lang Angle.

Pou yon elèv kapab resevwa yon nòt ak yon nivo pèfòmans, li dwe fè egzamen nan **tout kat** matyè lekti, ekriti, konpreyansyon, ak konvèsasyon. Anjeneral, yon elèv ki fè nòt nan *Nivo 5* kapab gen pèfòmans nòmalman nan travay salklas la ann Angle, epi pètèt yon elèv ki pa gen pwoblèm ditou pou pale lang Angle (LEP).

Rapò sa a montre tou ki pèfòmans pitit ou te genyen nan egzamen MEPA nan lekti, ekriti, konpreyansyon, ak konvèsasyon parapò ak yon elèv nòmal ki gen pèfòmans nan *Nivo 5* lan. Enfòmasyon sa yo ap ede oumenm ak pwofesè pitit ou idantifye matyè kote pitit ou bezwen plis enstriksyon ak sipò.

Yon lòt seksyon rapò montre ki pèfòmans pitit ou genyen nan egzamen MEPA parapò ak lòt elèv k ap aprann lang Angle ki te nan lekòl leta Massachusetts pandan menm kantite ane ak pitit ou.

Kijan yo itilize rezilta egzamen MEPA?

Yo itilize nòt elèv yo fè nan MEPA ansanm avèk nòt elèv yo fè nan salklas la ak nòt egzamen yo, nòt MCAS, epi obsèvasyon ak rekòmandasyon pwofesè a pou pran desizyon sou enstriksyon an ak sou re-klasman pou chak elèv.

Yo itilize rezilta yo pou:

- evalye konpetans pitit ou nan lang Angle ak pwogrè li fè nan aprann lang Angle,
- pran desizyon sou enstwiksyon salklas pitit ou,
- deside kilè yo p ap idantifye pitit ou ankò kòm elèv ki pa pale lang Angle byen (LEP), epi
- montre si lekòl yo ak distri lekòl yo ap fè pwogrè nan ansèyman Angle pou elèv k ap aprann lang Angle yo.

Kisa "Ap Fè Pwogrè" vle di?

Elèv ELL ki te pran egzamen MEPA pou prentan 2011 lan (avèk tou lekti, redaksyon, konpreyansyon, ak konvèsasyon) epi ki te pran egzamen MEPA tou nan prentan oswa lotòn 2011 klase sou pwogrè yo te fè ane sa a nan aprann Angle. Objektif klasman sa a se pou wè si yon elèv ap amelyore konpetans li nan lang Angle ase pou li pa bezwen ankò sèvis ELL apre senk (5) oswa sis (6) ane li pase pral lekòl Ozetazini.

Tablo ki anba la a montre sa ki nesèsè pou yon elèv "fè pwogrè" nan aprann Angle. Chak kat pitit nivo pèfòmans yo (*Nivo 1-4*) separe an de (2) etap, Pitit ak Gwo. Nivo ki pi gwo a (*Nivo 5*) separe an senk (5) etap 10 pwen.

Pou elèv ki te pran *menm* egzamen nan entèval klas la nan prentan 2011 ak an 2010 (pa egzanp, entèval klas 5-6 nan toulède ane yo) Nòt pou MEPA 2010 la Nesèsè pou fè pwogrè an 2011

Nòt pou MEPA 2010

Nivo 1 Piti pou rive nan Nivo 3 Piti
Nivo 3 Gwo pou rive nan Nivo 5

Nesèsè pou fè pwogrè an 2011

Dwe avanse 2 etap
Dwe avanse 1 etap

Pou elèv ki te pran egzamen nan yon *diferan* entèval klas nan prentan 2011 ak an 2010 (pa egzanp, entèval klas 5-6 nan prentan 2011 ak entèval klas 3-4 an 2010)

Nòt pou MEPA 2010

Nivo 1 Piti pou rive nan Nivo 4 Gwo
Nivo 5

Nesèsè pou fè pwogrè an 2011

Dwe avanse 1 etap
Dwe rete nan Nivo 5

Kimoun ou kapab rele si ou genyen yon kesyon?

Ou gen kesyon sou MCAS ak MEPA?

mcas@doe.mass.edu oswa rele lekòl pitit ou

Ou gen kesyon sou enstriksyon pou elèv k ap aprann lang Angle?

ell@doe.mass.edu (nan lang Angle, Panyòl oswa Pòtigè)



Massachusetts Department of
ELEMENTARY & SECONDARY
EDUCATION

Spring 2011 MEPA Parent/ Guardian Report [Rapò prentan 2011 pou Paran/Gadyen]

Name [Non]:

School [Lekòl]:

District [Distri]:

SASID [SASID]:

Grade [Klas]:

Date of Birth [Dat Nesans]:

Lèt Komisè an voye

Chè paran (yo) oswa Gadyen legal (yo):

Nan dènye prentan an, pitit ou te pran Evalyasyon pou Elèv ki pa Pale Angle byen nan Massachusetts (MEPA). Se yon evalyasyon ki la pou mezire **konpetans** pitit ou nan **lang Angle**. Tout Elèv k ap Aprann Lang Angle (ELL) dwe pran MEPA. Lekòl yo gen obligasyon pou anseye Angle pou elèv ki pa pale lang Angle byen (LEP). Bi mwen se pou asire elèv k ap aprann lang Angle yo anmezi pou kominike byen ann Angle.

Rapò sa a montre rezilta pitit ou nan egzamen MEPA prentan 2011 nan lekti, ekriti, konpreyansyon, ak konvèsasyon. Rapò a ofri yon nòt ak nivo pèfòmans global. Si pitit ou te fè egzamen an tou an 2010, mwen swete w ap wè pwogrè li nan rezilta yo ant ane pase ak ane sa a. Enfòmasyon ki nan rapò sa a ap ede ou konprann pwogram MEPA ak pou kisa li enpòtan pou evalye elèv k ap aprann lang Angle yo.

Tanpri rankontre avèk pwofesè pitit (yo) pou diskite sou rezilta yo, epitou pou idantifye fason ou kapab bay sipò nan edikasyon pitit ou. Li enpòtan pou patisipe nan ede pitit ou vin kapab pale lang Angle byen, ak nan ede li vin gen siksè nan lekòl.

Sensèman,

Mitchell D. Chester, Ed.D.

Komisè Edikasyon Primè ak Segondè

Kisa MEPA ye?

Evalyasyon pou Elèv ki pa Pale Angle byen nan Massachusetts (MEPA) se yon egzamen yo bay toupatou nan eta a pou evalye pèfòmans elèv k ap aprann lang Angle ak pwogrè y ap fè pou yo vin pale Angle byen. MEPA gen de (2) egzamen ladan.

- Evalyasyon pou Elèv ki pa Pale Angle byen-Lekti/Ekriti (MEPA-R/W) se yon egzamen pou fè sou papyè ak kreyon oswa nan entènèt ki evalye konpetans elèv yo nan lekti ak ekriti.
- Evalyasyon pou Elèv ki pa Pale Angle Byen nan Massachusetts -Aloral (MELA-O) se yon egzamen konpreyansyon ak konvèsasyon ki baze sou obsèvasyon ak klasman chak elèv pandan aktivite òdinè salklas ki fèt anba kontwòl yon administratè MELA-O fòme ak kalifye ki itilize matris nòt MELA-O.


Yo adisyone nòt nan MEPA-R/W ak MELA-O pou detèmine yon nòt global pou chak elèv. Se sèlman elèv ki te pran MEPA-R/W ak MELA-O k ap resevwa yon nòt global pou MEPA.

Kimoun ki pran MEPA?

Tout elèv k ap aprann lang Angle nan klas matènèl pou rive nan 12yèm klas yo rapòte ki pa pale Angle byen gen obligasyon pou pran egzamen MEPA yo. Sèl eksepsyon ki genyen se kèk elèv ki soud oswa ki mal pou tande, elèv ki bezwen pran yon egzamen altènè (pou egzamen MEPA nan Lekti ak Ekriti sèlman), ak elèv ki bezwen yon adaptasyon egzamen ki pa disponib. Lalwa leta ak lalwa federal egzije pou tout elèv yo patisipe nan egzamen MEPA.

Nivo Pèfòmans Jeneral ak Nòt Pitit mwen nan MEPA

Nan figi ki anba la a, anlè tiba nwa a endike nòt total pitit ou fè nan tout pòsyon MEPA. Tiba gri ki anlè tiba nwa a montre egzanzp nòt pitit ou te kapab resevwa si li te fè egzamen an anpil fwa.




Definisyon Nivo Pèfòmans

Nivo Pèfòmans	Deskripsyon Jeneral Pèfòmans	Lekti	Ekriti	Konvèsasyon	Konpreyansyon
Nivo 5	Yon elèv ki nan Nivo 5 kapab kominike avèk efikasite nan lang Angle, epi li pa fè anpil erè. Li kapab kominike aloral ak alekri yon jan ki kòrèk e ki konpreyansif.	Yon elèv ki travay nan nivo sa a anjeneral:			
		kapab li ak konprann pifò tèks ki nan nivo klas li	kapab ekri ak korije tèks ki nan nivo klas li	kapab pale Angle byen	kapab konprann prèske tout sa y ap di ann Angle
Nivo 4	Yon elèv ki nan Nivo 4 anjeneral gen bon konpetans nan lang Angle epi yo ka konprann sa l ap di.	kapab li ak konprann pifò tèks ki nan nivo klas li	kapab ekri ti fraz kout ak tèks ki kout ki nan nivo klas li, epi li pa fè anpil erè	kapab pale Angle, epi li pa fè anpil erè	kapab konprann pifò sa y ap di ann Angle, epi li bezwen pafwa sèlman pou moun repete oswa eksplike li sèten bagay
Nivo 3	Yon elèv ki nan Nivo 3 kapab kominike enpe nan lang Angle, menmsi erè yo anpeche li kominike ak konprann kèk fwa.	kapab li ak konprann kèk mo komen ki nan nivo klas li, epi li kapab rekonèt pifò lèt alfabè a	kapab ekri mo komen ak ti fraz senp ki nan nivo klas li, epi li fè kèk erè	kapab pale Angle epi di anpil mo komen, epi li fè kèk erè	kapab konprann pifò sa y ap di ann Angle, epi li bezwen pou moun repete oswa eksplike li sèten bagay
Nivo 2	Yon elèv ki nan Nivo 2 kapab kominike alekri ak aloral enpe nan lang Angle, epi li fè erè ki anpeche li kominike byen epi moun pa kapab konprann li fasilman.	kapab li ak konprann yon ti kantite mo komen, epi kapab rekonèt kèk lèt alfabè a	kapab ekri kèk mo senp ak kèk lèt alfabè a, epi li fè kèk erè	lè li pale Angle, li sèvi ak mo ki senp ak fraz kout, epi anjeneral li difisil pou moun konprann li fasil	kapab konprann kèk mo ak fraz senp moun di ann Angle, men fòk yo repete plizyè fwa epi pou yo eksplike sa yo vle di
Nivo 1	Yon elèv nan Nivo 1 poko kapab kominike nan lang Angle, epi erè yo prèske toujou nuizib pou kominikasyon. Li kapab montre li konprann swa san mo yo, lè li itilize kèk mo senp oswa nan yon lòt lang.	kapab li apèn yon ti kantite mo, epi kapab rekonèt sèlman kèk lèt alfabè a	kapab anmezi pou ekri kèk lèt alfabè a, epi kapab eseye ekri kèk mo senp, pi souvan nan yon fason ki pa kòrèk	kapab di kèk mo Angle senp sèlman epi li fè anpil erè, epi moun pa kapab konprann li fasil	kapab konprann apèn sa y ap di ann Angle

Si Pitit Ou Te Resevwa yon Nòt:

Konparezon pami pèfòmans pitit ou pandan prentan 2011 ak pèfòmans lòt timoun ELL nan entèval Klas Matènèl-2yèm Klas ki te frekante lekòl leta nan Massachusetts pandan x lane.



Si Pitit Ou Pa t Patisipe:

Eksplikasyon Sitiyasyon Non-Patisipasyon

Si pa gen nòt ki disponib pou pitit ou, yo ba li yon sitiyasyon non-patisipasyon alapas yon nivo pèfòmans, jan sa eksplike anwo a.

Sitiyasyon non-patisipasyon	Eksplikasyon
Absan—Medikal	Pitit ou pa t pran egzamen an akòz yon absans ki jistifye nan dokiman sou plan medikal.
Absan	Pitit ou pa t pran egzamen an akòz yon absans san motif oswa li pa t fè tout egzamen an.
Pa t patisipe	Pitit ou pa t pran egzamen an pou youn nan rezon sa yo: <ul style="list-style-type: none"> Yon adaptasyon egzamen obligatwa pa t disponib. Yon evalyasyon altène pa t disponib. Yon elèv ki soud oswa ki mal pou tande pa gen obligasyon pou patisipe.
Transfere	Pitit ou te transfere pou ale oswa pou sòti nan yon lòt lekòl pandan egzamen an epi li pa t patisipe nan tout sesyon egzamen obligatwa yo.
Anile	Yo te anile rezilta pitit ou pou youn nan rezon sa yo: <ul style="list-style-type: none"> Li pa t pran egzamen an, men li pa t gen obligasyon pou patisipe. Yo te rapòte yon vyolasyon règleman administrasyon egzamen an ba Depatman an.

Konpare pami pèfòmans pitit ou pandan prentan 2011 (✓) ak yon elèv ki gen pèfòmans li ki klase nan Nivo 5*

	Pitit ou te fè nòt:		
	Anba nivo yon elèv Nivo 5	Prèske nan menm nivo ak yon elèv Nivo 5	Nan menm nivo oswa pi wo nivo pase yon elèv Nivo 5
Lekti			
Ekriti			
Konpreyansyon			
Konvèsasyon			

*Nivo 5 se nòt yon elèv yo rekòmande pou klase ankò kòm yon elèv ki pa LEP.